



Lot fòm ki asosye ak

Fòm 470 – ki se :
Demann pou kenbe
Adrès ou
Konfidansyèl

Ou ka jwenn tout fòm yo sou
sitwèb Tribinal Lafanmi nan
<https://courts.delaware.gov/family>

Enfòmasyon pou Kontakte Tribinal Lafanmi nan

Konte New Castle

Leonard L Williams
Justice Center
500 N. King Street
Wilmington, DE 19801
302-255-0300

Konte Kent

Tribinal Lafanmi
400 Court Street
Dover, DE 19901
302-672-1000

Konte Sussex

Tribinal Lafanmi
100 East Market St
Georgetown, DE 19947
302-855-7400

MEN YON GID POU KENBE ADRÈS OU KONFIDANSYÈL

ADRÈS KONFIDANSYÈL

TRIBUNAL LAFANMI ETA DELAWARE

<https://courts.delaware.gov/family>

Kouman pou mwen fè pou Tribinal la kenbe adrès mwen Konfidansyèl nan yon zafè Pwoteksyon kont Move Tretman (an angle : Protection from Abuse, PFA)?

Nan demann PFA ou la, ou dwe mande pou yo kenbe adrès ou konfidansyèl EPI ou dwe bay rezon ki fè si ou revele adrès ou ki ka mete vi aplikan(yo) an danje. Ou **PA BEZWEN** fè yon demann pou sa.

Kisa pou m fè pou mwen mande Tribinal la kenbe adrès mwen konfidansyèl nan nenpòt lòt dosye?

Pou ou mande Tribinal la kenbe adrès ou konfidansyèl, ou dwe ranpli Fòm - 470 (an angle : *Motion for Confidential Address*).

Tanpri, sonje fòm sa a gen 3 paj:

- Demann pou Kenbe Adrès ou Konfidansyèl
- Avi Demann Lan
- Òdonans (Kite paj sa a vid pou Tribinal la ranpli)

Ou dwe voye yon kopi toulètwa paj yo bay lòt pati a pa lapòs premye klas oswa sètifye.

Ki jan Tribinal la kenbe adrès mwen konfidansyèl?

Tribinal la kenbe enfòmasyon ki gen rapò ak adrès ou nan yon anvlòp separe pou moun pa gen aksè a li lè yon moun ap gade dosye a. Anplis de sa, Tribinal la pa mete adrès ou nan okenn dokiman Tribinal la.

Kijan Tribinal la pral deside Demann pou Adrès Konfidansyèl mwen an?

Ou dwe di poukisa ou vle pou yo kenbe adrès ou konfidansyèl nan Demann ou an. Se Tribinal la k ap deside si li aksepte oswa derefize demann ou an. Desizyon sa ap baze sou sa ou ekri nan Demann pou Kenbe Adrès ou Konfidansyèl la ak nenpòt repons ou ekri. Rezon menm ki fè ou mande pou yo kenbe adrès ou konfidansyèl, se pou sekirite ou.

Si tribinal la akòde Demann pou kenbe Adrès ou Konfidansyèl, ou dwe sonje pou PA mete adrès ou nan yon nouvo aplikasyon ou ap depoze devan tribinal la. Si ou mete adrès ou nan yon nouvo aplikasyon, li pa konfidansyèl ankò.

Pou konbyen tan adrès mwen ap rete konfidansyèl?

Adrès ou ap rete konfidansyèl jiskaske Tribinal la anile Lòd ki te apwouve demann pou kenbe adrès ou konfidansyèl la, OSWA jiskaske ou mete adrès ou nan yon nouvo aplikasyon.

REMAK : Si **Depatman Iajistis Delaware** te aksepte ou nan **Pwogram pou kenbe Adrès Konfidansyèl la**, ou ta dwe bay bwat lapòs ou kòm adrès sou fòm Tribinal yo. Si nenpòt lòt ajans jije nesèsè adrès ou konfidansyèl, sa gen ladan Divizyon Sèvis Sipò pou Timoun, li pral **SÈLMAN** vin konfidansyèl nan Tribinal Lafanmi si ou depoze Demann pou kenbe Adrès ou Konfidansyèl la **EPI** Tribinal la akòde demann ou an ak li bay lòd pou yo make adrès ou konfidansyèl.